



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 30 desanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON FEDERAL PLAN POU RANPLASE PON FEWOVYÈ  
PORTAGEVILLE ISTORIK LA**

***Plan pou Nouvo Pon stil Ach la Vanse, Konstriksyon ap Kòmanse nan Lane 2015***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse apwobasyon federal pou plan ki pou konstwi yon nouvo pon stil ach pou ranplase Portageville Bridge istorik la ki pote Norfolk Southern Railway Southern Tier Line sou Genesee River nan Letchworth State Park. Federal Highway Administration pibliye yon Dosye Desizyon pou konsepsyon ak konstriksyon nouvo pon an, ki etann li ant Portage nan Konte Livingston ak Genesee Falls nan Konte Wyoming.

“Jodi a make yon kokenn reyalizasyon nan efò n ap fè pou konstwi yon nouvo pon stil ach modèn pou transpò machandiz sou pòsyon liy ray enpòtan sa,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Grasa apwobasyon gouvènman federal nou resevwa, nou kapab kounye a vanse ak nouvo pwojè sa – ki pral ranplase pon ki la epi pi byen entegre li nan bèl anviwonman Letchworth State Park la. Mwen kontan nou rive nan nivo sa nan pwojè a, epi m ap tann pou m wè konstriksyon an kòmanse nan lane 2015.”

Apwobasyon federal sa a konplete dènye etap nan etid konsekans pwojè a sou anviwònman an epi pèmèt wout ray la vanse avèk egzekisyon yon plan pou bati yon nouvo pon. Dènye Deklarasyon sou Konsekans sou Enviwonman an la te pibliye nan dat 16 desanm 2014, epi li gen ladann yon lis konsekans sou anviwonman ak lòt kesyon ki gen pou wè ak konstriksyon ansanm ak mezi atenyasyon obligatwa yo.

Komisyonè New York State Department of Transportation (NYSDOT) Joan McDonald te di konsa, “Li esansyèl pou nou anmezi deplase machandiz ak rapidite ak efikasite atravè Eta New York epi fè New York vin yon bon kote pou fabrikasyon enstale yo epi kreye dyòb. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò li bay enfrastruktir transpò nan tout Eta a ak pou angajman li pou l investi nan ekonomi rejyon Nò New York atravè pwomosyon pwojè ray sa.”

Komisyonè Office of Parks, Recreation and Historic Preservation Rose Harvey te di konsa, “Plan ki apwouve a fè yon bon ekilib ant bezwen ekonomi Eta a ak enterè Letchworth State Park. Mwen rekonesan anvè DOT pou lidèchip li nan mennen tout pwosesis piblik la ki rive nan rezilta sa.”

Wick Moorman, Direktè Egzekitif Norfolk Southern Railway, te di konsa, “Yon nouvo Portageville Bridge amelyore pral ogmante kapasite NS pou l bay transpò machandiz san danje, moun ka fè konfyans ak efikas nan Eta New York ak New England. Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo pou vizyon li epi nou apresye efò NYSDOT yo ak lòt patenè piblik nou yo nan apwobasyon rapid yo bay pou vanse pwojè a nan pwèn sa. Ansanm n ap vanse sou chimen yon nouvo eritaj ekonomik nan Southern Tier New York. ”

Yon nouvo pon pral konstwi jis nan sid estrikti ki egziste deja. Norfolk Southern pral konstwi yon strikti stil ach ki pral founi yon pon ray ki gen mwens danje eki pi modèn, men tou li pral konplete bote natirèl Letchworth State Park epi founi yon panorama koupe souf sou ravin nan. Travay konstriksyon sipoze kòmanse nan lane 2015 epi pral pran apeprè twa lane.

Pon ki la deja te konstwi nan lane 1875 epi reprezante yon eleman enpòtan nan Letchworth State Park depi plis pase yon syèk. Yo pral retire pon ki la pou kounye a lè nouvo ach la fini.

Pwojè a pral rezoud defisyans ki genyen jounen jodi yo epi konstwi yon pon ki kapab pote chajman ray machandiz standa endistri epi leplis posib satisfè vitès depasman Federal Railroad Administration an, pandan l ap diminye travay ak kou antretyen pèmanan. Pwojè a nesesè pou Norfolk Southern ka kontinye ak operasyon san danje, moun ka fè konfyans ak efikas sou wout Southern Tier la. Operasyon sa yo enpòtan anpil pou reyisit ak kwasans ekonomik Southern Tier la ak lòt zòn New York ki konsènen.

Konstriksyon nouvo pon ray la sipoze koute apeprè \$71 milyon. NYSDOT kontribiye \$3 milyon nan kou konsepsyon epi jwenn \$12.5 milyon nan bourad lajan onivo eta ak federal pou depans konstriksyon. Konpayi fewovye a tap bay balans la. Bourad lajan gen ladan yon sibvansyon \$2 milyon ki soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la.

Pon an te idantifye nan 2009 New York State Rail Plan lan kòm youn nan dis pi gwo bouchon ray nan eta a. Nan lane 2011, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la te idantifye ranplasman pon an pami pwojè sou senk lane yo genyen pou retire baryè ki anpeche kwasans ekonomik nan Plan Strateji yo a.

Reprezantan ki soti nan nèf ajans federal ak eta ak Norfolk Southern te ankontak epi reyini tanzantan pandan tout pwosesis etid anviwonman. Ajans federal ki konsènen yo se Federal Highway Administration; Environmental Protection Agency; National Marine Fisheries Service; U.S. Fish & Wildlife Service; National Park Service; U.S. Army Corps of Engineers; ak Advisory Council on Historic Preservation. Ajans eta ki konsènen yo se Department of Environmental Conservation; Department of State; Office of General Services; Thruway Authority; Department of Transportation; ak Office of Parks, Recreation and Historic Preservation.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou sit wèb pwojè a nan [www.dot.ny.gov/portagevillebridge](http://www.dot.ny.gov/portagevillebridge).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride